



Pou Piblikasyon Imedya: 22/12/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE TÈS COVID-19 NAN SIT VAKSINASYON TANPORÈ ESTASYON TREN MTA

**Tès COVID san randevou yo pral disponib nan de estasyon tren apati lendi 27 desanm epi yo pral agrandi nan senk estasyon tren adisyonèl semèn pwochèn**

**Sit tanporè yo fè pati efò pou konbat vag sezon ivè nan ka COVID yo**

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke tès COVID-19 yo pral disponib nan sit vaksinasyon tanporè yo estasyon tren Otorite Transpò Metropoliten (Metropolitan Transportation Authority, MTA) apati semèn pwochèn. Sa a se premye fwa tès PCR COVID-19 ki finanse pa eta a pral fèt nan estasyon tren yo nan Vil New York.

"N ap travay pou fè tès yo lajman disponib e aksesib jan sa posib pou Nouyòkè yo", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Nouvo opòtinite tès san randevou sa yo nan estasyon tren MTA nou yo pral bay pi gwo aksè ak tès yo epi sipòte efò nou pou kenbe tèt nou ak moun nou renmen yo an sekirite pandan vag sezon ivè sa a."

Yo pral ofri tès PCR la pandan sèt jou pa semèn apati lendi 27 desanm nan Manhattan nan estasyon metro Times Square-42nd St la soti 8:00 am rive 2:00 pm, ak nan Grand Central Tèminal soti 3:00 pm rive 8:00 p.m. Sepandan, tès yo pap disponib nan de kote sa yo nan Premye Jou Ane a.

Tès nan senk lòt kote atravè Vil New York pral kòmanse semèn pwochèn. Yo pral anonse jou ak lè tès yo yon fwa yo fini.

Pwogram tès ki finanse pa eta a ofri nenpòt moun, enkli moun k ap vizite New York yo, opòtinite pou yo fè tès san yon randevou.

Nan mwa me ane sa a, Eta New York te kòmanse yon pwogram vaksinasyon COVID-19 an kolaborasyon ak MTA ki te bay vaksen Johnson & Johnson yon sèl dòz la nan sit tanporè nan plizyè estasyon tren. Jiska dat, gen plis pase 36,000 moun te enskri nan sit sa yo.

Sit vaksen tanporè MTA yo nan Times Square-42nd St ak Jackson Heights-Roosevelt Av/74 St kounye a ofri dòz rapèl vaksen COVID-19 yo, epi Grand Central Terminal pral

ofri yo apati lendi 27 desanm. Gen plis enfòmasyon sou dòz rapèl yo nan sit vaksinasyon tanporè MTA ki disponib [isit la](#).

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)